

## Aprantisaj Lakay

### Resous Edikatif Pou Timoun Piti

Timoun yo renmen jwe—nenpòt lè, nenpòt kote, epi avèk prèske tout bagay. Pandan y ap jwe, y ap aprann sou sa ki ozalantou yo epi yo pratike konpetans ki enpòtan. Pou soutni jwèt timoun yo, pwogram pou timoun piti yo anjeneral òganize espas yo nan zòn oswa sant aprantisaj. Sijesyon aktivite ki annapre la yo òganize apwopo menm domèn aprantisaj sa yo tou. Anplis, aktivite sa yo sanble ak kalite aktivite timoun ou an fè nan pwogram pou timoun piti yo epi yo sou menm liy avèk Estrikti Rezilta Aprantisaj Bonè Head Start yo, Fondasyon Prekindègadenn pou Nòm Debaz Komen Eta New York (New York State Prekindergarten Foundation for the Common Core) ansanm ak Nòm Aprantisaj Prekindègadenn Eta New York (New York State Prekindergarten Learning Standards).

Chwazi aktivite nan chak domèn dapre materyèl ou gen aladispozisyon ou ak enterè timoun ou an. Anpil nan aktivite sa yo gen ladan anpil kalite materyèl yo sijere. Si ou pa gen materyèl ki sijere yo, chèche nan kay ou pou jwenn materyèl sanblab ki gendwa mache tou. Anplis aktivite ki sijere la a, jwèt, aktivite jwèt, ak liv prefere timoun ou an kapab ofri pwobableman anpil okazyon tou pou aprann, sitou lè ou jwe epi pale avèk li. Lè ou pale avèk timoun ou an pandan w ap jwe, epi ou angaje nan konvèsasyon ale vini, ou soutni devlopman anpil ladrès enpòtan (pa egzanp devlopman vokabilè, konpetans nan kominikasyon, kapasite pou koute, konpetans emosyonèl sosyal, ak konpetans panse kritik). ***Pa janm ezite itilize nenpòt lang fanmi ou pale lè ou ap pale ak jwe avèk timoun ou an paske sa favorize aprantisaj pita nan nenpòt lang.***

Aktivite yo ki nan dokiman sa a gen objektif pou yo amizan ak angajan. Kèk nan yo fèt pou mete anplas pandan anpil jou. Timoun ou an gendwa vle refè kèk nan aktivite yo tou. Jenn timoun renmen fè bagay yo renmen anpil fwa. Si sa posib, kite materyèl ou itilize yo aladispozisyon timoun ou an epi pa ezite rewè yo souvan.

Timoun fè anpil pwogrè grasa woutin. Swiv yon woutin previzib reprezante yon fason itil pou timoun yo santi yo an sekirite epi yo konnen sa yo atann de yo (pa egzanp lave men anvan dejene, fè lekti yon liv anvan ti kabicha, oswa jwe deyò apre manje midi). Woutin yo ede oumenm ak timoun ou an avanse avèk konfyans nan jounen an epi yo ankouraje konpòtman pozitif. An menm tan tou, ou dwe fleksib epi teni kont de bezwen timoun ou an. Ou konnen timoun ou an pi byen!

#### Tabdèmatyè

Aktivite pou Timoun ki gen laj 3 ak 4 lane.....	2
Aktivite pou Tibebe ak Timoun Piti.....	9
Lòt Enfòmasyon Anplis.....	10

## Blòk/Konstriksyon

**Konstwi Ansanm.** Sèvi avèk materyo ou gen aladispozisyon ou pou konstwi yon estrikti ansanm. Pa egzanp, ou ta ka itilize blòk, blòk ki konekte (pa egzanp Duplos, Legos), bwat katon, bonm ak kastwòl, gode, materyèl resikle oswa lòt atik nan kay la pou fè konstriksyon. Pandan n ap fè konstriksyon an, pale sou pwosesis la ansanm ak sou estrikti a. Si ou vle, itilize papyè pou ajoute etikèt oswa detay anplis sou estrikti a. Si sa posib/si ou vle, timoun ou an ta dwe kite estrikti a monte menm lè li sanble fin travay. Li ka vle retounen nan estrikti a pita pou kontinye konstwi oswa pou li jwe.

**Desine ak Konstwi.** Gade deyò avèk timoun ou an nan zòn toupre kote ou abite a. Chwazi yon bilding oswa yon estrikti ki enterese nou toude. Desine imaj yon bilding/estrikti ansanm. Pale sou sa nou wè pandan n ap desine ansanm. Kwoke imaj la nan wotè je timoun ou an, oswa mete li sou atè a toupre kote nou pral bati a, epi apre sa sèvi avèk materyo ou gen aladispozisyon ou pou bati bilding lan/estrikti a ansanm. Pa egzanp, ou ta ka itilize blòk, blòk ki konekte (pa egzanp Duplos, Legos), bwat katon, bonm ak kastwòl, gode, oswa lòt atik nan kay la pou fè konstriksyon.

**Chwazi yon Nimewo.** Pou ajoute yon eleman defi nan eksperyans konstriksyon an, chwazi yon kantite blòk byen presi pou itilize pou konstwi. Pa egzanp, ou ta ka chwazi chif senk epi bay timoun ou an defi pou li konstwi yon bilding/estrikti ki gen senk blòk/materyo konstriksyon. Refè li avèk divès kalite kantite. Si ou vle/si li posib, timoun yo ta dwe kite estrikti yo monte, epi fè konparezon ant yo (pa egzanp kiyès ki pi wo/pi wo nèt? Pi kout/pi kout nèt? Elatriye).

## Pyès Teyat

**Jwèt Magazen.** Rasanble objè pou achte ak vann epi jwe wòl kesye ak kliyan. Diskite sou sa kliyan an ap achte epi poukisa, konbyen atik l ap achte nitou konbyen atik yo koute apa epi ansanm.

**Pran Swen.** Pran swen yon poupe oswa bèt boure ansanm. Si ou pa gen yon poupe oswa bèt boure, chèche atik nan kay ou ta ka itilize pou kreye youn pa egzanp boure yon sachè papyè oswa yon chosèt avèk materyo mou epi ajoute detay yo avèk yon makè. Travay ansanm pou pran swen poupe a. Panse fè tankou n ap ba li manje, ba li yon beny, mete l dòmi, elatriye.

**Figi ak Santiman.** Gade ansanm foto moun nan magazin oswa liv. Envite timoun ou an pou li gade avèk anpil atansyon ekspresyon ki sou figi moun yo. Mande timoun ou an pou li pataje poukisa li panse moun nan ta ka santi li fason sa, èske li konn santi li konsa limenm, epi kilè. Apre nou fin diskite sou ekspresyon yo, oumenm ak timoun ou an ta dwe fè menm ekspresyon yo noumenm. Panse fè aktivite sa a toupre yon glas pou timoun yo ka wè ekspresyon yo kreye yo.

**Ann Manje.** Pran pòz n ap manje ansanm nan yon restoran imajinè, nan yon goute, oswa kreye ansanm yon piknik imajinè. Reflech avèk timoun ou an sou atik nou pral bezwen epi travay ansanm pou jwenn yo oswa pou fè yo. Apre òganizasyon sèn teyat la, fè konmsi w ap manje avèk timoun ou an.

**Fè yon Vwayaj.** Fè yon vwayaj imajinè avèk timoun ou an. Konsidere kikote nou prale, kijan nou prale la, ak kijan nou santi nou pou vwayaj sa a nou pral fè ansanm lan. Travay ansanm pou jwenn oubyen pou fè bagay nou bezwen pou vwayaj nou an. Apre nou fin prepare vwayaj nou an, fè tankou nou prale nan vwayaj la ansanm.

**Bwat Vid.** Si li disponib, bay yon bwat katon vid ki gwo sifizaman pou timoun ou an chita andedan l. Envite timoun ou an itilize imajinasyon li pou fè bwat la tounen yon lòt bagay. Si nou vle, li ta ka dekore bwat la tou. Sebre tout lide timoun lan epi angaje nan jwe imajinè avèk li apwopo lide yo.

### Atizay

**Materyèl Resikle.** Konsève materyèl ki ka resèvi tankou bwat katon vid ak veso plastik pwòp. Sèvi avèk resipyan sa yo pou fè plizyè kreyasyon avèk timoun ou an tankou bilding nan katye ou, machin, tren oswa lòt bagay timoun ou an renmen.

**Desine Ansanm.** Si ou gen papye oswa yon lòt sifas pou fè desen (pa egzanp bwat katon) ak zouti pou ekri/desine tankou yon plim, kreyon, kreyon koulè, oswa makè, fè desen ansanm. Kreye nenpòt bagay nou vle, epi apre sa, envante yon istwa ansanm sou sa nou te desine a.

**Kreye yon Desen pou Mi.** Anvizaje demonte yon gwo bwat katon, plizyè bwat pi piti, oswa itilize moso papye epi tache yo ansanm. Nou ka itilize tep, lakòl, agraf, oswa lòt materyo ou gen aladispozisyon ou pou fikse moso yo ansanm. Sèvi avèk nenpòt zouti pou ekri oswa pou fè desen ou gen aladispozisyon ou tankou plim, kreyon, makè, kreyon koulè, oswa penti pou kreye yon imaj. Envite manm fanmi yo patisipe nan plezi a.

**Desine yon Foto Fanmi.** Reflechi sou moun ki enpòtan pou ou avèk timoun ou an epi fè desen yo chak nan yon imaj. Panse ajoute non moun yo nan foto a epi tou kwoke foto a kote ou abite.

**Ayè ak Kounye a.** Konpare ak montre diferans ant yon foto tibebe timoun ou an ak aparans timoun lan kounye a, pandan w ap souliye kòman timoun lan chanje depi lè li te yon tibebe. Sèvi avèk foto tibebe a pou kreye yon desen timoun ou an kòm tibebe oswa itilize materyèl ou gen aladispozisyon ou pou kreye yon reprezantasyon timoun ou an lè li te yon tibebe. Si ou pa gen yon foto tibebe timoun ou an, pale sou fason timoun ou an te chanje nan kèk ane ki sot pase yo epi kreye yon imaj ansanm san referans ak yon foto reyèl.

**Tchatcha.** Fè tchatcha ak timoun ou an avèk boutèy dlo vid oswa lòt veso. Apre nou jwenn yon bon veso, reflechi sou materyèl pou ajoute pou fè bri. Panse eseye dlo, pèl, lòt ti objè, oswa nenpòt bagay nou ka jwenn! Ki materyèl ki pi fè plis bri? Kiyès ki pi trankil? Travay avèk timoun ou an pou dekri son chak tchatcha fè. Pou yon defi anplis, eseye mete yo nan lòd soti nan pi trankil pou rive nan pi fò.

## Syans/Dekouvèt

**Respire.** Mete yon objè lejè (pa egzanp boul koton, plim zwazo, moso papyè, kreyon won, ti boul, elatriye) nan yon pwent tab epi gade si oumenm ak timoun ou an ka soufle yo sou lòt bò a. Refè li avèk lòt objè ki gen pwa diferan.

**Lonbray.** Etenn limyè yo epi sèvi avèk yon lanp oswa yon flach (oswa limyè sou aparèy mobil ou) pou fè lonbraj sou yon miray oswa atè. Deplase kò nou oswa men nou pi pre ak pi lwen limyè a epi remake kisa ki rive. Reflechi avèk timoun ou an sou lòt fason nou ta ka kreye lonbraj tou.

**M ap Espyonnen.** Gade deyò epi note kèk bagay nou wè. Fè yon lis oswa desine imaj objè sa yo (pa egzanp mwen wè zwazo k ap vole nan syèl la). Aktivite sa a ta ka fèt andedan tou.

**Ranp yo.** Si li disponib, itilize yon tib an katon (pa egzanp tib sèvyèt an papyè) oswa yon sifas ki plat tankou yon liv, pou kreye yon ranp. Envite timoun ou an pou li panche ranp lan nan plizyè ang epi woule yon ti machin jwèt, boul, oswa lòt objè won nan tib la/desann sou ranp lan. Pale avèk timoun ou an osijè vitès objè yo woule rapid/dousman selon ang timoun lan mete li.

## Jwèt ak Aktivite Jwèt/Maniplatif Matematik

**Konbyen Pa pou rive nan Pòt la?** Envite timoun ou an devine konbyen etap I ap bezwen fè pou li ale yon kote byen presi, pa egzanp yon pòt. Apre li fè yon prediksyon, envite li pou li ale nan anplasman ki endike a. Ede konte pa yo si sa nesèsè. Ranplase pòt la ak yon lòt kote tankou yon fenèt oswa twalèt la.

**Pratike pran Mezi.** Mezire epi koupe yon moso fisèl oswa riban ki menm longè ak bra timoun ou an. Envite li pou li chèche objè ki menm longè ak moso fisèl la, epi apre sa konpare fisèl la ak chak objè. Anvizaje pou fè yon fisèl ki menm longè ak pwòp bra pa ou tou epi fè aktivite sa a avèk timoun ou an.

**Jwenn Fòm yo.** Remake fòm objè ki bò kote nou. Mande timoun ou an pou li jwenn ak konte kote yo ak ang yo epi apre sa nonmen fòm lan.

**Ranmasaj.** Envite timoun ou an pou li rasanble divès kalite atik tankou kouvèti bokal/veso, oswa gade ozalantou kay ou pou jwenn atik pou kreye yon koleksyon tankou atik ki gen yon koulè byen presi, oswa ti wòch nan pak la. Eksplòre materyèl yo avèk timoun ou an epi itilize yo pou pratike klasman ak konte.

**Lesiv.** Fè timoun ou an ede fè lesiv. Li ka triye ak konte rad, chèche chosèt ki koresponn, oswa konte atik ki nan yon pil rad pliye.

**Lachas Trezò.** Envite timoun ou an pou li gade ozalantou kote ou abite pou jwenn objè oumenm ak timoun ou an itilize pou pran swen tèt nou. Pa egzanp, nou ta ka itilize atik byen presi pou pran swen cheve nou, savon pou lave men nou, elatriye. Apre nou kreye yon ti koleksyon objè, konte yo avèk timoun ou an. Si nou vle, sèvi avèk imaj oswa mo pou kreye yon lis atik nimewote.

**Modèl yo.** Bat yon modèl bravo senp, epi envite timoun ou an bat li tou pou ou (pa egzanp de batman dousman avèk annapre 3 batman pi rapid). Kreye modèl lan atoudewòl.

## Sansoryèl

**Jwèt Dlo.** Jwe ak dlo avèk timoun ou an. Ranpli yon veso avèk dlo (pa egzanp lavabo, benywa, oswa lòt veso) epi ajoute divès kalite gode, ak mezirèt tankou kiyè oswa jwèt ki ankouraje jwèt dramatik (pa egzanp bato jwèt) epi patisipe nan jwèt dlo ansanm.

**Kisa Ki Rive?** Etidye kisa ki rive lè nou mete objè nan dlo. Rasanble plizyè objè, diskite sou sa ki ta ka rive lè nou mete yo chak nan dlo, epi pou teste lide nou yo, mete objè yo nan dlo youn pa youn epi diskite sou sa ki te pase.

**Jwèt Benyen.** Chante ansanm pandan moman beny pou ede timoun ou an sonje nouvo mo ak pratike rim. Chante yon chanson ou konnen, nan nenpòt lang. Epitou, mande timoun ou an pou li aprann ou yon chanson yo chante nan lekòl la.

## Bibliyotèk

**Li yon Liv.** Fè lekti ak refè lekti liv prefere timoun ou an nan nenpòt lang fanmi ou pale. Si ou pa gen okenn liv, pou kreye liv ansanm ou ka ekri mo pou istwa nou te kreye ansanm epi travay ansanm pou ajoute imaj.

**Rakonte yon istwa.** Pataje yon istwa prefere nou konnen deja, oswa kreye yon nouvo istwa avèk timoun ou an. Istwa a gendwa apwopo nenpòt ki bagay! Pa egzanp, ou ta ka rakonte yon bagay ki te rive reyèlman, oswa envante yon istwa ansanm.

**Epi apre sa...** Imajine atoudewòl kisa ki vini annapre nan yon istwa. Kòmanse yon istwa, apre sa pase li bay timoun ou an pou li jwenn kisa ki vini apre avèk yon liy tankou, "epi apre sa..." Oumenm ak timoun ou an ka pase istwa a ale vini jouk li rive nan yon fen.

**Nyaj yo.** Gade deyò fenèt la avèk timoun ou an epi diskite sou nyaj yo. Rakonte istwa atoudewòl sou fòm nyaj yo pou ede timoun ou an itilize imajinasyon li epi eksprime lide avèk mo. "Nyaj sa sanble ak yon chat! Kisa ou wè?"

**Chante ak Rime.** Chante chanson epi jwe jwèt rim ak mo avèk timoun ou an.

**Fè lekti Tout bagay.** Remake mo nou wè tout kote nou ye. Pa egzanp, nou ta ka montre pano nan lari, etikèt, e menm bwat sereyal oumenm ak timoun ou an wè pandan n ap pase jounen an ansanm.

**Jodi a.** Mande timoun ou an pou li desine imaj sa li te fè jodi a. Mande li pou li ba ou enfòmasyon sou imaj la epi ajoute mo pa li nan imaj la. Fè sa chak jou. Konsève imaj yo epi konbine yo pou fè yon liv.

**Kisa ki rive apre sa?** Kòmanse chante chanson prefere timoun ou an oswa chante dodotitit. Chante premye liy lan epi apre sa fè yon poz. Envite timoun ou an pou li chante pwochen liy lan. Kontinye avèk modèl ale vini sa a pandan tout chanson oswa chante dodotitit lan.

**Istwa yo.** Pataje yon istwa avèk timoun ou an sou yon bagay lontan. Nan pami lòt bagay, sa ta kapab yon istwa sou premye fwa timoun ou an te fè yon bagay nouvo, yon istwa komik sou yon eksperyans oswa yon moman lè timoun ou an te rann ou fyè.

### Ekriti ak Devlopman Langaj

**Pale.** Pale avèk timoun ou an nan lang ou santi ou pi alèz la. Apre ou fin di yon bagay pou timoun ou an, pran yon poz pou li ka reponn. Rechèch montre ke konvèsasyon ale vini ka ede timoun yo devlope vokabilè ki pi gwo.

**Nouvèl nan maten.** Lè ou kòmanse jounen ou, fè yon plan pou sa oumenm ak timoun ou an pral fè ansanm. Ekri bagay yo nan yon lis. Tcheke chak eleman pandan w ap fè li.

**Lachas Lèt.** Chèche lèt kote nou abite a. Montre timoun ou an lèt yo. Pote atansyon espesyalman sou lèt ki gen rapò ak timoun ou an espesyalman tankou premye lèt nan non li ansanm ak non fanmi ak zanmi pwòch.

**Tande.** Envite timoun ou an pou li trè trankil epi itilize zòrèy li pou li koute. Ki son ki gen nan sal la? Ki son nou tande deyò a si nou louvri fenèt la? Èske nou ka rete trankil nèt pandan 10 segonn epi koute? Pandan 20 segonn? Pandan 60?! Dekri son nou tande yo – tankou machin k ap fè bip, otobis k ap fè vwoum, ak chen k ap jape – pou ede timoun ou an aprann nouvo mo pou dekri lemonn.

**Gade.** Envite timoun ou an gade deyò fenèt la nan katye a avèk ou. Kisa ou remake? Dekri kisa nou toude wè.

**Foto yo.** Gade kèk foto moun oumenm ak timoun ou an renmen (swa sou papye oswa sou yon aparèy mobil). Montre bagay ou remake nan foto yo epi envite timoun ou an pou li fè menm bagay. Anplis de remake bagay ki nan foto a, envite timoun ou an pou li pale de moun sa yo.

**Fè yon Meni.** Pataje avèk timoun ou an yon lis manje w ap sèvi pou yon repa. Envite timoun ou an pou li desine bagay sa yo pou kreye yon meni. Ajoute mo ki koresponn ak imaj yo anba chak imaj. Si timoun ou an pare, li ka ekri limenm tou. Selebre nenpòt mak timoun ou an fè. Mak, madjigidji, ak òtograf kreyatif, yo tout se etap esansyèl nan aprann ekri.

**Mwen renmen Ou.** Pale avèk timoun ou an sou bagay nou fè pou montre youn renmen lòt. Desine imaj oswa itilize mo pou kreye yon deskripsyon.

**Liy yo.** Envite timoun ou an pou li eseye trase liy avèk ou. Kòmanse trase epi note ki kalite liy w ap fè, ki kalite liy timoun ou an ap fè, ak kijan li ka fè liy yo chanje. Pa egzanp, ou ka kòmanse avèk yon liy dwat, epi apre sa chanje li vin yon zigzag oswa liy koub. Ou ta ka eseye tou chanje enstriman pou ekri a, oswa kantite presyon ki itilize sou enstriman pou ekri a pou chanje liy yo.

**Kenbe yon Journal.** Pale avèk timoun ou an sou aktivite li te fè chak jou. Nan fen jounen an pran kèk minit pou reflechi avèk itilizasyon kesyon ki pa gen repons ki fikse davans tankou, "Kisa ou te pi renmen? Poukisa? Èske se te yon bagay difisil oswa estimilan? Poukisa?" Ekri panse timoun ou an apwopo aktivite sa yo epi envite li ajoute imaj nan journal la tou.

**Ekri yon Lèt.** Envite timoun ou an pou li ekri yon lèt ba yon moun. Li ka desine imaj pou kreye lèt la, itilize pwòp ekriti li, oswa pataje mo yo avèk ou epi ou ka ekri yo pou li. Si timoun ou an chwazi pou ekri poukont li, selebre nenpòt mak li fè. Mak, madjigidji, ak òtograf kreyatif, yo tout se etap esansyèl nan aprann ekri. Si sa posib, pataje lèt la avèk moun timoun ou an te ekri a.

### Kizin ak Melanj

**Preparasyon Repa.** Envite timoun ou an pou li prepare yon repa oswa yon ti goute avèk ou. Pandan n ap travay ansanm, pale sou sa ki rive lè nou melanje ak brase engredyan yo.

**Kwit ak Konte.** Envite timoun ou an prepare manje avèk ou. Pandan n ap travay ansanm, konte kantite atik nou itilize yo.

**Konte Ti goute.** Konte kantite atik ki disponib nan moman ti goute oswa repa. Pandan timoun ou an ap manje, pale sou konbyen atik li te manje ak konbyen atik ki rete.

Engredyan yo:

2 tas farin blan

2 tas dlo

½ tas sèl

¼ tas krèm tat

2 ti kiyè lwil vejetal

Koloran manje (si ou vle)

Esplikasyon:

Chofe tout engredyan yo sou yon chalè mwayen, brase toutan, jiskaske yo konbine epi yo pran yon konsistans pat a modle nou abitye. Vide pat la sou papye aliminyòm oswa papye sire epi kite li refwadi lejèman jiskaske li frèt ase pou manyen li.

Sere pat a modle a nan yon veso ki pa kite lè pase.

**Pat a modle.** Si materyèl yo disponib, fè pat a modle avèk timoun ou an. Nou ka itilize pat a modle a plizyè repriz.

**Bagay Prefere Fanmi an.** Envite timoun ou an pou li kwit avèk ou yon repa prefere fanmi an. Pandan n ap kwit manje ansanm, pale sou resèt la, engredyan yo, ak esplikasyon yo. Ou ta dwe pale tou sou rezon ki fè fanmi ou renmen repa sa a.

## Mizik ak Mouvman

**Mizik ak Bouch.** Envite timoun ou an pou eksplòre diferan son nou kapab fè avèk bouch nou. Nou ta ka chante, fredone, fè po bouch nou fè pòp, elatriye. Mande timoun ou an pou li remake kijan li santi li lè li fè chak kalite son.

**Bagay Fanmi an Pi renmen.** Envite timoun ou an pou li koute kèk nan mizik prefere fanmi ou. Jwenn yon chante chak manm fanmi renmen epi koute yon anrejistreman chante a.

**Mizik Kiltirèl.** Pataje mizik kiltirèl fanmi ou avèk timoun ou an. Èske mizik sa a gen ladan nenpòt enstriman espesyal ki soti nan eritaj ou, pratik relijye, oswa nan kominote ou? Envite timoun ou an pou koute enstriman oswa son sa yo.

**Zilofòn Dlo.** Ranpli kèk vè avèk kantite dlo diferan. Sèvi avèk yon kiyè pou teke yo dousman. Kisa oumenm ak timoun ou an remake apwopo son yo? Eseye jwe yon ti melodi ansanm.

**Gwoup Kizin.** Sèvi avèk po ak kastwòl, veso, oswa lòt sifas pou kreye tanbou kizin. Frape sou yo avèk men ou oswa yon objè. Envite timoun ou an pou li sijere chanson pou chante, oubyen pou kreye nouvo chante avèk ou.

**Dans.** Envite timoun ou an danse avèk ou. Jwe yon koleksyon divès kalite pratik mizik pandan n ap santi mizik la reyèlman epi bouje avèk li. Èske mizik la rapid oswa lan? Kijan mizik la fè ou santi ou? Kontan? Tris? Eksite? Jwenn fòs?

**Enstriman ki fèt nan kay.** Reflech sou materyèl ou genyen yo ak sou fason ou ta ka itilize yo pou fè mizik. Pa egzanp, yon woulo sèvyèt papyè avèk twou pèse ladan kapab yon flit, kiyè ki frape ansanm kapab kariyon. Jwe avèk son yo, epi sèvi avèk vwa nou pou chante ak yo.

**Estati Mizikal.** Jwe yon chanson prefere epi fè jwèt estati mizikal ansanm. Lè mizik la ap jwe, danse oswa deplase ansanm. Lè nou sispann mizik la, tout moun dwe kanpe san bouje! Fè atoudewòl pou yon moun jwe ak kanpe mizik la.

## Deyò/Motè Brit

**Pi rapid ak pi dousman.** Envite timoun ou an pou li eksplòre kijan li ka chanje vitès pandan l ap bouje. Pa egzanp, li ka eseye bouje rapid, apre sa, chanje vitès li epi li bouje dousman.

**Bouje Kò Ou.** Envite timoun ou an pou eksplòre diferan fason li kapab bouje kò li. Pa egzanp, li ka mache, kouri, sote annavan ak toude pye, sote yon pye apre lòt, vole anlè, oswa mache ak pye trennen?

**Detire.** Mete kèk mizik dous epi envite timoun ou an detire kò li. Èske ou ka detire wotè yon pyebwa? Èske ou ka tòde sou yon bò? E konsènan lòt la? Èske ou ka pann ba jouk rive atè?



## Aktivite pou Tibebe ak Timoun Piti

**Koulè:** Kwoke oswa mete papye oswa yon lòt sifas pou make pa egzant yon moso katon atè a. Bay zouti pou fè desen tankou makè oswa kreyon koulè epi kite timoun lan eksplòre fè mak sou papye a. Pale avèk timoun ou an sou kalite mak l ap fè sou papye a.

**Kisa Ou Wè?** Fè yon ti mache epi pale sou bagay oumenm ak timoun ou an wè. Pale sou objè, koulè, gwosè, fòm, elatriye nan bagay nou wè yo.

**Glas yo:** Mennen timoun ou an nan yon glas epi pale ansanm sou sa nou wè nan glas la. Remake youn lòt, epi lòt objè nou wè nan glas la, epi bay sa nou wè yo yon non. Envite timoun ou an pou jwenn objè oswa pati nan kò li nan glas la.

**Vide ak Ranpli:** Ofri timoun ou an yon bwat ak divès kalite ti objè kay men ki san danje. Obsève kisa li fè avèk yo epi itilize mo pou dekri sa l ap fè a. Pou pwolonje jwèt timoun ou an, demontre fason diferan pou mete ak retire atik yo nan bwat la, oswa pou ranpli li epi devide li.

**Objè Kache:** Montre timoun ou an yon jwèt li renmen. Apre sa mete yon ti dra oswa yon moso twal sou jwèt la pou kache l. Kouvri jwèt la epi di, "Kikote li ale?" Bay timoun ou an 5 segonn pou li eseye retire dra a. Si li reyisi, eseye avèk de objè ak de twal. Si timoun ou an pi gran, kache yon objè yon kote nan sal la pandan li fèmen zye li. Ba li sijesyon pandan l ap chèche li.

**Teksti:** Karese timoun ou an dousman avèk moso twal teksti diferan (rad ak ekipman travay!). Siveye reyaksyon li epi di li lè li sanble endike sa li renmen ak sa li deteste. Itilize mo pou dekri teksti, koulè, gwosè ak fòm twal la. Envite timoun lan pou li eksplòre twal yo avèk men li tou.

**Rad:** Pote rad ki gen gwosè diferan epi ankouraje timoun ou an pou li eseye rad diferan. Pale konsènan si rad yo bon pou li, si yo twò gran oswa twò piti.

**Peek-A-Boo:** Chita atè an fas timoun ou an, kouvri figi ou epi jwe peek-a-boo avèk li. Si timoun lan enterese, kite li dirije jwèt la.

**Jwèt Dlo:** Nan yon benywa oswa lavabo, bay timoun ou an materyèl li ka ranpli epi devide tankou, kèp, bòl, ak veso an plastik. Ajoute enpe dlo epi ankouraje timoun ou an eksplòre ranplisaj ak devèsman.

**Bilding:** Sèvi avèk nenpòt jwèt oswa materyèl konstriksyon disponib pou bati avèk timoun ou an epi ankouraje li demoli estrikti a. Si ou pa gen blòk oswa lòt jwèt tibebe/timoun piti pou fè konstriksyon, eseye itilize kèp, veso an plastik, oswa materyèl resiklaj tankou bwat oswa veso vid. Si timoun ou an pa kapab fè konstriksyon, fè yon ti estrikti epi ankouraje li demoli estrikti a.

## Lèt Enfòmasyon Anplis

### Konsèy Swen Pèsonèl pou Fanmi ak Moun k ap bay swen

Lè ou pran tan pou pran swen tèt ou, ou kapab anmezi pou pran swen timoun ou an pi byen. Menm kèk minit "tan pou tèt pa ou" ka ede ou rechaje pou ou ka nan meyè fòm ou.

- Koute mizik pandan w ap fè travay nan kay la.
- Mete yon alam pou raple ou pou ou pran yon poz, respire afon, oswa itilize yon aplikasyon meditasyon pou kalme. Menm 2 minit detant ka fè yon diferans nan fason ou santi ou.
- Asire ou dòmi ase. Lè ti pitit ou kouche ap pran repo, eseye fè menm bagay la. Si li gen pwoblèm pou vin kalm, chante yon chanson trankil ou te renmen lè ou te piti, youn ki kalme ou tou.
- Pran yon vakans dis minit. Pandan w ap benyen timoun ou an, tranpe men ou nan dlo cho.
- Kenbe yon foto prefere fanmi an avèk ou. Si ou pase yon jounen difisil avèk ti pitit ou, ou ka gade li pou fè ou sonje moman kè kontan nou te pase ansanm.
- Kontakte lòt moun. Santiman solitud kouran pou fanmi ak moun k ap bay swen pandan moman estrès. Men ou pa oblije jere yo poukont ou. Konekte ou avèk manm fanmi ak zanmi ou fè konfyans, pataje santiman ou avèk yo, epi mande yo èd.

### Pale avèk Timoun yo sou Kowonaviris lan

Avèk nouvell kowonaviris COVID-19 ki toupatou, anpil fanmi ap mande tèt yo kijan pou yo pale avèk timoun yo sou viris la. Men kèk konsèy pou soutni konvèsasyon avèk timoun ou an:

- Timoun yo tande pale de viris la pwobableman. Pa ezite pou pale sou li avèk yo. Si ou pa pale sou li, sa kapab an reyalite fè kè yo plis sou biskèt.
- Envite timoun ou an pou li pataje sa li konnen sou kowonaviris lan ak kijan li santi li.
- Bay bon kantite enfòmasyon. Lè ou bay twòp enfòmasyon, sa kapab efreyan, olye ou bay twòp enfòmasyon, reponn kesyon timoun ou an sou viris la nan yon fason ki senp epi ki bay reyalite yo.
- Sonje emosyon atrapan. Atitud ou sou kowonaviris la ap afekte fason timoun ou an santi li apwopo li. Si ou rete kalm, timoun ou an gen plis chans pou li rete kalm tou.
- Ranfòse timoun ou an ak enfòmasyon konsènan rete an sekirite. Pataje bagay ou fè pou ou rete an sekirite ansanm ak bagay li ka fè pou evite viris la tankou lave men li souvan epi byen.
- Fè konvèsasyon an mache. Bay timoun ou an garanti ke li ka toujou pale avèk ou sou sa li tande, wè, ak santi e ke ou pral pataje avèk li tou.

Resous annapre la yo ka itil pou pale avèk timoun yo sou Kowonaviris:

- Pale avèk Timoun yo sou Kowonaviris lan  
<https://childmind.org/article/talking-to-kids-about-the-coronavirus/>
- Pale avèk Timoun yo sou COVID-19 (Kowonaviris): Yon Resous pou Paran  
[https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources-and-podcasts/school-climate-safety-and-crisis/health-crisis-resources/talking-to-children-about-covid-19-\(coronavirus\)-a-parent-resource](https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources-and-podcasts/school-climate-safety-and-crisis/health-crisis-resources/talking-to-children-about-covid-19-(coronavirus)-a-parent-resource)
- Pale Avèk Timoun yo: Konsèy pou Moun k ap bay swen, Paran, ak Pwofesè yo pandan Deklanchman Maladi Enfektyez  
<https://store.samhsa.gov/system/files/sma14-4886.pdf>